Fason pou planifye pou yon ijans familyal

Pwodwi pa Massachusetts Law Reform Institute nan yon pote-kole avèk : ACLU of Massachusetts, Catholic Charities Archdiocese of Boston, Children's Law Center of Massachusetts, Community Legal Services and Counseling Center, Greater Boston Legal Services, Harvard Immigration and Refugee Clinic

Tout fanmi dwe planifye kiyès ki pral pran swen pitit yo pandan yon ijans. Atik yo ki anba a gen enfòmasyon ki pral ede ou kreye yon plan ki gen konsèy espesyal pou fanmi imigran yo.



Planifikasyon jeneral

- **Pale an fanmi**, sou plan ijans ou a. Fè timoun ou yo patisipe tou. Deside ki moun ki pral pran swen timoun yo, ki kote ou pral mete dokiman enpòtan yo, ki moun pou rele lè gen yon ijans.
- **Sanble dokiman enpòtan yo :** pran dokiman enpòtan tankou batistè ak paspò yo. Mete yo yon bon kote fanmi ou konnen ki kote pou yo jwenn yo. Itilize lis dokiman enpòtan ki anba paj sa a.
- **Konnen dwa ou yo** : Konstitisyon ameriken an bay tout moun Ozetazini sèten dwa. Chèche konnen kijan yo pwoteje ou. Chèche konnen dwa ou yo epi ale nan yon fòmasyon.
- **Mande èd imigrasyon :** si imigrasyon se youn nan pi gwo pwoblèm ou yo, eseye jwenn konsèy sou imigrasyon. Pran yon lis sèvis legal gratis nan Massachusetts anba paj sa a.

Revize Desanm 2024

Plan pou swen pitit ou

Planifye pou konnen ki moun ki pral pran swen pitit ou yo si ou pa kapab. Pale ak pitit ou yo ak moun ou chwazi pou pran swen yo a, pou tout moun ka konnen plan an epi dakò ak li. Men kèk etap ou ka pran :

- **Ranpli yon paj enfòmasyon pou moun k ap bay swen an pou chak timoun** : mete enfòmasyon sou timoun nan, tankou enfòmasyon sou lekòl li, enfòmasyon medikal, alèji ak medikaman, ak lòt detay ki enpòtan pou lavi kotidyen pitit ou a. Gade nan fèy enfòmasyon enpòtan timoun nan ki anba sit entènèt sa a.

- **Mete kontaj lekòl yo ajou** : kontakte lekòl pitit ou a. Verifye si yo gen bon enfòmasyon pou kontakte kèk grenn moun ou fè konfyans pou vin chèche pitit ou a lekòl si ou pa kapab.

    - Di lekòl la ou pa vle yo mete enfòmasyon ou nan okenn anyè lekòl la pibliye. Sa ap ede pwoteje enfòmasyon ou yo.

- **Li t ap yon bon ide si ou chwazi yon moun pou pran swen pitit ou si ou pa kapab** : Ou ka chwazi pami 2 fòm diferan pou bay yon lòt moun responsablite legal pou pitit ou. Ou pa bezwen ale nan tribinal. W ap jwenn toude fòm sa yo nan dosye sa a.

    - **Deklarasyon sou sèman pou bay oun otorizasyon pou bay swen** (Caregiver Authorization Affidavit) bay moun k ap bay swen an pouvwa ak responsablite pou pran desizyon sou edikasyon ak swen sante pitit ou.

    - **Nominasyon ajan tanporè** (Temporary Agency Appointment) pèmèt « ajan an, » oswa moun ou chwazi a, pou l pran nenpòt desizyon yon paran ka pran pou pitit ou a pou jiska 60 jou.

- **Anrejistre nesans pitit ou nan konsila etranje peyi ou** : si youn nan paran yo pa sitwayen ameriken, li t ap yon bon ide si ou anrejistre nesans pitit ou nan konsila peyi ou. Si pitit ou a vle vwayaje oswa ale nan peyi ou, li te ka pi fasil si nesans li deja anrejistre nan konsila a.

- **Aplike pou paspò pou pitit ou** : pifò gouvènman egzije pou toude paran yo bay pèmisyon pou yo ka fè paspò pou pitit yo a. Si se ou menm sèl ki gen lagad legal pitit ou a, ou pa bezwen pèmisyon lòt paran an.

- **Ekri yon lèt pou vwayaje** (Travel letter): Si pitit ou a bezwen vwayaje deyò Etazini, li kapab bezwen yon lèt notarye ki ba li pèmisyon pou vwayaje ak yon moun majè ou fè konfyans, oswa lòt paran an. Li t ap yon bon ide si ou kontakte yon konpayi avyon oswa konsila peyi ou pou konnen egzakteman kijan pou ou fè sa.

Ki moun ki pral pran swen pitit mwen si gen yon ijans?

Reflechi sou kesyon sa yo lè w ap chwazi yon moun pou pran swen pitit ou a :

1. Èske moun nan gen omwen 18 lane ? Se sèlman moun ki majè k ap ka yon moun ki ka bay swen
2. Èske se yon moun ki responsab ?
3. Èske moun nan kapab epi li dakò pou pran swen pitit mwen an ?
4. Èske moun nan konn nan pwoblèm deja ak Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi [Department of Children and Families (DCF)] ?
5. Èske moun nan gen yon dosye kriminèl ?

Apre ou chwazi moun k ap bay swen an, w ap bezwen deside ki kalite aranjman legal ou pral gen ak li. Ou gen plizyè opsyon.

Opsyon enfòmèl la

Ou ka toujou fè yon plan enfòmèl avèk fanmi ak zanmi ou yo, men sa gen dwa pa pi bon opsyon an paske li pa bay moun k ap bay swen an dwa legal. Plan ou an ka gen ladan l : pale ak moun ou vle pran swen pitit ou a oswa ekri kisa ou vle yo fè si ta gen yon ijans. Yon plan enfòmèl pi fasil, men lekòl oswa doktè pitit ou a gen dwa dakò ak plan sa a epi moun k ap bay swen an ka bezwen ale nan tribinal pou ede pitit ou a.

Deklarasyon sou sèman pou bay moun k ap swen an otorizasyon (Caregiver Affidavit Authorization)

Yon deklarasyon sou sèman pou bay moun k ap swen an otorizasyon se yon bon opsyon si pi gwo sousi ou se edikasyon ak sante pitit ou a. Anpil lekòl ak doktè deja abitye ak fòm sa yo.

Deklarasyon sou sèman an di ki moun ou vle pou bay swen epi pou pitit ou a al viv ak li. Li bay moun k ap bay swen an dwa pou pran desizyon sou sante ak edikasyon pitit ou a pou jiska **2 zan**.

Ou pa abandone okenn nan dwa ou yo lè ou siyen li. Ou ka anile otorizasyon an ki nenpòt lè.

Deklarasyon sou sèman pou chwazi moun k ap swen an bezwen siyati yon sèl paran. W ap bezwen 2 temwen pou siyen fòm nan ak ou. Epi ou dwe siyen li devan yon notè. Moun k ap bay swen an dwe siyen deklarasyon sou sèman an tou. Moun k ap bay swen an ap siyen fòm nan epi itilize li pou tout tan timoun nan ap viv ak li.

Deklarasyon sou sèman pou bay moun k ap swen an otorizasyon an ki anba paj sa a diferan ak sa ou ka jwenn nan tribinal la. Fòm sa a gen espas pou w ajoute **yon lòt moun k ap bay swen** si sa ou chwazi a pa disponib.

Bay moun k ap bay swen an fòm orijinal la epi kenbe yon kopi ak dokiman enpòtan w yo.Ou pa oblije mete tout timoun ou yo nan yon sèl fòm. Ou ka ranpli yon fòm pou chak timoun. Chak timoun bezwen gen pwòp fòm yo si yo gen moun k ap bay swen diferan.
Deklarasyon sou sèman yo pou bay moun k ap swen an otorizasyon se dokiman ki itil pou nenpòt fanmi.

Nominasyon ajan tanporè yo itil si moun k ap bay swen an bezwen pran desisyon sou finans oswa pwopriyete pitit ou a**.**

Nominasyon ajan tanporè (Temporary Agent Appointment)
Nominasyon ajan tanporè a bay yon moun k ap bay swen plis pouvwa pase deklarasyon sou sèman pou bay moun k ap swen an otorizasyon an. Yon nominasyon ajan tanporè bay moun k ap bay swen an pouvwa ak responsablite pou pran plis desizyon pase desizyon sou swen sante ak edikasyon pitit ou a. Yon ajan tanporè ka pran desizyon sou pwopriyete ak finans pitit ou a tou. Moun ou chwazi pou li Ajan an ka gen nenpòt pouvwa ou genyen. **Men** Ajan an pa ka bay pèmisyon pou pitit ou a marye oswa pou yo adopte li.

Otorizasyon a di ou bay ajan an pouvwa pou pran desizyon nan lavi pitit ou a pou jiska **60 jou** apre ou siyen fòm nan devan yon notè. Ou gen dwa pou anile otorizasyon an ki nenpòt lè. Apre 60 jou, ou ka renouvle otorizasyon an, men ou dwe ranpli yon nouvo fòm.

Si ou konnen ki kote lòt paran an ye epi li kapab ak vle pran swen pitit ou a, toude paran yo dwe siyen nominasyon ajan tanporè a. Si lòt paran an pa ka pran swen pitit ou a, ou pa bezwen ranpli fòm sa a.

W ap bezwen 2 temwen pou siyen fòm nan ak ou.

Ajan an dwe siyen deklarasyon sou sèman an tou.

Ou ka ajoute yon dezyèm moun nan fòm nan, an ka moun ou chwazi kòm ajan tanporè a pa disponib.

Ou ka itilize fòm nominasyon ajan tanporè a ki anba paj sa a. Fòm sa a se pou fanmi ki pè depatman imigrasyon ka separe yo ak pitit yo Si ou bezwen yon otorizasyon pou yon rezon diferan tankou w ap fè operasyon epi ou p ap disponib pou detwa semèn, gade Nome yon ajan tanporè nan seksyon Timoun ak Fanmi MassLegalHelp la.

Bay ajan an fòm orijinal la epi kenbe yon kopi ak dokiman enpòtan w yo.

Ou pa oblije mete tout timoun ou yo nan yon sèl fòm. Ou ka ranpli yon fòm pou chak timoun. Chak timoun bezwen gen pwòp fòm yo si yo gen moun k ap bay swen oswa paran.

Gad legal (Guardianship)

Yon responsab legal gen tout dwa yon paran genyen pou pran desizyon pou pitit ou. Se sèlman yon tribinal ki ka pran desizyon pou fè yon moun vin yon responsab legal, oswa anile yon gad legal. Yon moun ou chwazi pou li yon moun k ap bay swen ka bezwen vin yon responsab legal pi devan si li bezwen pran swen pitit ou a pandan lontan. Si ou gen plan pou pitit ou a rete Ozetazini nèt, ak moun k ap bay swen an, li te ka yon bon ide pou w prepare dokiman gad legal yo pou w ka depoze yo si w bezwen fè sa.
Si yon moun vin responsab legal pitit ou a, li gen dwa pou l pran desizyon pou pitit ou a **nan plas** ou. Si ou vle anile gad legal la, w ap oblije al mande yon jij pou anile li epi responsab legal la ka konteste demand la. Reflechi byen avan ou deside fè yon moun gad legal pitit ou. Ou pral abandone dwa ou kòm yon paran. Gade Guardians and Other Caregivers (Responsab legal ak lòt moun k ap bay swen).

Konsèy pou viktim vyolans domestik

Si ou se yon viktim vyolans domestik, moun ki te abize w la ka eseye pou l pran pitit ou a. Ou ka bezwen sanble dokiman ki montre poukisa yo pa te dwe bay abizè ou a timoun nan. Moun k ap bay swen ou chwazi a ka bezwen ale nan tribinal si moun ki abize w la ap eseye gen gad pitit ou a. Pale ak konseye vyolans domestik ou a si ou gen youn oswa kontkate yon pwogram vyolans domestik pou jwenn plis enfòmasyon ou ak fè plan pou sekirite. Jwenn yon lis òganizasyon pou vyolans domestik sou sit entènèt Jane Doe a.

Dokiman enpòtan

Kreye yon dosye ak dokiman enpòtan oswa kopi dokiman enpòtan ou yo. Asire w ou menm, fanmi ou, ak moun k ap bay swen pou ou a konnen ki kote l ap jwenn dokiman sa yo si ta gen yon ijans.

Mwen kèk egzanp dokiman (oswa kopi) ou ta dwe mete ansanm.

- ☐ **Paspò**
- ☐ **Batistè**
- ☐ **Sètifika maryaj**
- ☐ **Dokiman asirans**
- ☐ **Nenpòt dokiman tribinal fanmi, tankou papye lagad**
- ☐ **Nenpòt dokiman imigrasyon (otorizasyon pou travay, kat rezidans, viza, elatriye), sitou dokiman ki gen nimewo « A » ou (nimewo kat rezidans ou)**
- ☐ **Nimewo lisans ou ak/oswa lòt kat idantifikasyon**
- ☐ **Nimewo sekirite sosyal ou oswa nimewo ITIN ou**
- ☐ **Rejis nesans pou timon**
- ☐ **Paj enfòmasyon enpòtan timoun nan**
- ☐ **Enfòmasyon moun pou kontakte si ta gen yon ijans**
- ☐ **Deklarasyon sou sèman pou bay moun otorizasyon pou bay swen**
- ☐ **Otorizasyon ajan tanporè**
- ☐ **Nenpòt lòt dokiman ou panse enpòtan**

_____

_____

_____

_____

Paj enfòmasyon enpòtan timoun nan

- ranpli youn pou chak timoun –

-

Enfòmasyon enpòtan timoun nan

Dokiman sa a gen enfòmasyon enpòtan sou pitit ou a. Ou dwe bay moun ki pral pran swen pitit ou a li, oswa kenbe li ak dokiman enpòtan ou yo. Ou dwe ranpli youn pou chak timoun.

Non timoun nan	
Dat nesans	
Non ak adrès lekòl li	
Non pwofesè li	
Enfòmasyon sou aktivite / pwogram apre lekòl	
Non doktè li	
Nimewo telefòn doktè li	
Medikaman	
Alèji	
Pwoblèm sante	
Asirans sante	

Fanmi ak nimewo ou ka rele si gen yon ijans	
Enfòmasyon sou paran 1	Non : Nimewo telefòn : Adrès :
Enfòmasyon sou paran 2	Non : Nimewo telefòn : Adrès :
Lòt moun ou ka rele si gen yon ijans : _____	Non : Nimewo telefòn : Adrès : Sa li ye pou timoun nan (granpapa, matant, zanmi fanmi an) :
Lòt moun ou ka rele si gen yon ijans : _____	Non : Nimewo telefòn : Adrès : Sa li ye pou timoun nan (granpapa, matant, zanmi fanmi an) :
Lòt moun ou ka rele si gen yon ijans : _____	Non : Nimewo telefòn : Adrès : Sa li ye pou timoun nan (granpapa, matant, zanmi fanmi an) :

Nenpòt lòt enfòmasyon oswa mesaj enpòtan pou moun k ap bay swen an :	

Dokiman sa a bay yon moun dwa pou pran desisyon konsènan lekòl ak swen sante pitit ou (yo). Li ka dire jiska 2 zan.

CAREGIVER AUTHORIZATION AFFIDAVIT

DEKLARASYON SOU SÈMAN POU BAY MOUN OTORIZASYON POU BAY SWEN

Massachusetts General Laws Chapter 201F
Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 201F

1. AUTHORIZING PARTY (Parent/Guardian/Custodian)

MOUN K AP BAY OTORIZASYON AN (paran/responsab legal/moun ki gen lagad la)

I, Paran, residing at 123 Main Street, Boston, MA 01234,

Mwen , k ap viv nan

am the parent/legal guardian/legal custodian (circle one) of the minor child(ren) listed below.

Se paran/reponsab legal/moun ki gen lagad legal (ansèkle youn) timoun minè non li (yo) endike anba a.

I do hereby authorize Jessica Jones, residing at

Ak deklarasyon sa a mwen otorize, k ap viv nan

321 Main Street, Boston, MA 04321 to exercise concurrently the rights and responsibilities, except those prohibited below, that I possess relative to the education and health care of the minor children whose names and dates of birth are:

Ekri non ak adrès moun ou vle pou pran swen pitit ou a (yo). Moun sa a rele « moun k ap bay swen an. » Moun sa a ka pran desizyon sou lekòl ak swen sante pitit ou (yo).

pou egzèse an menm tan avè m dwa ak responsablite, eksepte sa ki anba yo se mwen sèlman ki ka egzèse yo konsènan edikasyon ak swen sante timoun minè non ak dat nesans yo se :

Name/non	Date of Birth/Dat nesans
Pitit #1	01/01/2010

Name/non	Date of Birth/Dat nesans
Pitit #2	01/01/2007

The caregiver may NOT do the following: (If there are any specific acts you do not want the caregiver to perform, please state those acts here.)

Moun k ap bay swen an PA gen dwa fè bagay sa yo : (Si gen nenpòt bagay espesifik ou pa vle moun k ap bay swen an fè, tanpri mete bagay sa yo la a.)

(pa egzanp) moun k ap bay swen an pa ka chanje lekòl pitit mwen.

Ekri nenpòt bagay ou pa vle moun k ap bay swen an fè.

[OPTIONAL – you can choose an alternate caregiver if you want] In the event that the above-named individual is unavailable or unwilling to serve as the caregiver.

[PA OBLIGATWA– ou ka chwazi yon dezyèm moun k ap bay swen si ou vle] Si moun non li anwo a pa disponib oswa li pa vle sèvi kòm moun k ap bay swen an,.

I hereby appoint John Smith, residing at 1234 Center Street, Boston, MA 01234, as the alternate caregiver.

Mwen nonmen , k ap viv nan ,
kòm dezyèm moun k ap bay swen an.

Si moun ou chwazi pou bay swen an pa ka ede, ou ka chwazi yon dezyèm moun si ou vle. Ekri non ak adrès yo la a.

The following statements are true: (*Please read*)
Deklarasyon sa yo se verite : (Tanpri li)

- There are no court orders in effect that would prohibit me from exercising or conferring the rights and responsibilities that I wish to confer upon the caregiver. *(If you are the legal guardian or custodian, attach the court order appointing you.)*
  Pa gen okenn lòd tribinal an plas ki t ap entèdi mwen egzèse oswa bay dwa ak responsablite mwen ta renmen bay moun k ap bay swen an. (Si ou se responsab legal oswa se ou ki gen lagad timoun nan, atache a dokiman sa lòd tribinal ki nonmen ou a.)

- I am not using this affidavit to circumvent any state or federal law, for the purposes of attendance at a particular school, or to re-confer rights to a caregiver from whom those rights have been removed by a court of law.
  Mwen p ap itilize deklarasyon sou sèman sa a pou kontoune okenn lwa eta oswa lwa federal, pou li ka ale nan yon lekòl patikilye, oswa pou rebay yon moun k ap bay swen dwa yo te retire nan men li nan yon tribinal.

- I confer these rights and responsibilities freely and knowingly in order to provide for the child(ren) and not as a result of pressure, threats or payments by any person or agency.
  Mwen bay dwa ak responsablite sa yo libelibè epi ak tout konesans mwen pou pran swen timoun nan (yo) epi se pa paske okenn moun oswa ajans te mete presyon sou mwen, menase mwen, oswa peye mwen.

- I understand that, if the affidavit is amended or revoked, I must provide the amended affidavit or revocation to all parties to whom I have provided this affidavit.
  Mwen konprann, si mwen chanje oswa anile deklarasyon sou sèman an, mwen dwe bay tout moun mwen te bay deklarasyon sou sèman an yon kopi sa ki chanje a oswa dokiman ki anile l la.

Kisa sa vle di ?
- Pa gen okenn tribinal ki te di ou pa ka pran desizyon pou pitit ou.
- Ou p ap ranpli fòm sa a pou pitit ou ka ale nan yon lekòl diferan, oswa pou bay yon moun k ap bay swen tribinal la te retire yo nan men li dwa
- Pa gen okenn moun k ap fòse ou siyen fòm sa a
- Si ou chanje fòm sa a oswa anile otorizasyon an, ou pral bay tout moun ki gen yon kopi yon nouvo fòm.

Upon my unavailability, the named minor children will be deemed to be residing with the named caregiver

Si mwen pa disponib, yo pral konsidere timoun minè non yo anwo a ap viv ak moun k ap bay swen non li nonmen nan dokiman sa a.

Moun k ap bay swen an gen dwa pou pran desizyon konsènan pitit ou sèlman si ou pa disponib.

This document shall remain in effect until 01/01/2019 ~~*(not more than two years from date of signing)*~~ or until I notify the caregiver in writing that I have amended or revoked it.
Dokiman sa a ap rete an vigè jiska (pa plis pase de zan apre dat ou siyen li an) oswa jiskaske mwen ekri ajan an yon lèt pou di li mwen te chanje oswa anile li.

Se ou ki gen dwa deside konbyen tan dokiman an valid - li pa ka pou plis pase 2 zan

I hereby affirm that the above statements are true, under pains and penalties of perjury.

Mwen konfime deklarasyon yo ki anwo a se verite epi mwen rekonèt ap gen pinisyon ak sanksyon si mwen bay fo enfòmasyon.

Atansyon ! W ap bezwen siyen dokiman an devan yon notè piblik

Authorizing Party Signature / *Siyati moun k ap bay otorizasyon an :*

Paran

Printed name / *Ekri non an ak lèt yo dekole :* Paran

Telephone number / *Nimewo telefòn :* 617-555-5555

Mete inisyal ou nan chak paj

Form Version 11/28/2017

Initials _____

1. WITNESSES TO AUTHORIZING PARTY SIGNATURE

(To be signed by persons over the age of 18 who are not the designated caregiver)

Witness #1
Witness #1 Signature / *Siyati temwen #1*

Witness #1
Printed Name/ *Ekri non ak lèt yo dekole*

617-555-5556
Phone Number / *Nimewo telefòn*

Witness #2
Witness #2 Signature / *Siyati temwen #2*

Witness #2
Printed Name/ *Ekri non ak lèt yo*

617-555-5557
Phone Number / *Nimewo telefòn*

Atansyon ! De moun majè dwe sèvi kòm temwen lè w ap siyen dokiman epi siyen li la - nou tout dwe siyen devan yon notè piblik. De moun majè yo pa ka moun k ap bay swen an ak dezyèm moun ou chwazi kòm moun k ap bay swen an.

.

2. NOTARIZATION OF AUTHORIZING PARTY'S SIGNATURE

OTANTIFIKASYON SIYATI MOUN K AP BAY OTORIZASYON AN

Commonwealth of Massachusetts

_____, ss

On this date,_____, before me, the undersigned notary public, personally appeared, proved to me through satisfactory evidence of identification, which was _____, to be the person whose name is signed on the preceding document, and swore under the pains and penalties of perjury that the foregoing statements are true.

Ou menm ak de moun majè yo ap bezwen siyen dokiman an devan yon notè piblik. N ap bezwen montre notè a yon pyès idantite tankou yon paspò oswa lisans.

Signature and seal of notary: _____
Printed name of notary: _____
My commission expires: _____

3. CAREGIVER ACKNOWLEDGMENT (*To be completed and signed by the caregiver*)

I, Jessica Jones, am at least 18 years of age and the above child(ren) will reside with me at 123 Main Street, Boston, MA 01234.
Mwen, *, gen omwen 18 lane epi*
Timoun non li (yo) anwo a pral viv ak mwen .

Ekri non ak adrès moun k ap bay swen an.

This document shall take effect when the child(ren) is/are residing with me. My attestation of the residence of the child(ren) shall be sufficient evidence of such and presentation of this signed document constitutes my attestation.
Dokiman sa a ap pran efè lè timoun nan (yo) ap viv ak mwen. Atestasyon mwen pou rezidans timoun nan dwe sifi kòm prèv rezidans li epi depi mwen prezante dokiman sa a ak siyati yo ladan sa reprezante atestasyon mwen.

I understand that I may, without obtaining further consent from a parent, legal custodian or legal guardian of the child(ren), exercise concurrent rights and responsibilities relative to the education and health care of the child(ren), except those rights and responsibilities prohibited above. However, I may not knowingly make a decision that conflicts with the decision of the child(ren)'s parent, legal guardian or legal custodian.
Mwen konprann, san mwen pa bezwen jwenn plis konsantman nan men yon paran, moun ki gen lagad legal oswa responsab legal timoun nan (yo) ki ka egzèse an menm tan avè m dwa ak responsablite yo, mwen ka pran desizyon konsènan edikasyon ak swen timoun nan (yo), eksepte dwa ak responsablite yo te di mwen pa ka egzèse anwo a. Mwen, mwen pa ka kareman pran yon desizyon si mwen konnen li t ap kont desizyon paran, responsab legal oswa moun ki gen lagad legal timoun nan (yo).

I understand that, if the affidavit is amended or revoked, I must provide the amended affidavit or revocation to all parties to whom I have provided this affidavit prior to further exercising any rights or responsibilities under the affidavit.
Mwen konprann, si yo chanje oswa anile deklarasyon sou sèman an, mwen dwe bay tout moun mwen te bay deklarasyon sou sèman an yon kopi sa ki chanje a oswa dokiman ki anile l la avan m ap ka egzèse nenpòt dwa oswa responsablite mwen gen nan deklarasyon sou sèman sa a.

Moun k ap bay swen an konnen dokiman sa a ba li dwa pou pran desizyon sou lekòl ak swen sante pitit ou yo, lè pitit ou yo ap viv ak li. Li pa ka deside yon bagay li konnen ou pa t ap dakò. Si ou chanje oswa ou anile akò sa a, moun k ap bay swen an ap bay tout moun kopi.

I hereby affirm that the above statements are true, under pains and penalties of perjury.
Mwen konfime deklarasyon yo ki anwo a se verite epi mwen rekonèt ap gen pinisyon ak sanksyon si mwen bay fo enfòmasyon.

Signature of caregiver / *Siyati moun k ap bay swen an :* Jessica Jones

Printed name / *Non an ekri ak lèt yo dekole :* Jessica Jones

Telephone Number / *Nimewo telefòn :* 617-555-5558

Dat / *dat* : 06/01/2017

Moun k ap bay swen an ka siyen menm lè ak ou, oswa yon lè diferan. Moun k ap bay swen an pa bezwen siyen devan yon notè piblik non plis.

4. ALTERNATE CAREGIVER ACKNOWLEDGMENT (*To be completed and signed by the alternate caregiver, if you choose one)*
REKONESANS DEZYÈM MOUN K AP BAY SWEN (Pou dezyèm moun k ap bay swen an ranpli ak siyen, si ou chwazi youn)

Si ou chwazi yon lòt moun k ap bay swen, oka premye moun nan pa ta disponib,, ekri non ak adrès moun nan.

I, John Smith, ~~am at least 18 years of age and the above child(ren)~~ will reside with me at 1234 Center Street, Boston, MA 01234.
Mwen, , gen omwen 18 lane epi Timoun non li (yo) anwo a pral viv ak mwen

This document shall take effect when the child(ren) is/are residing with me. My attestation of the residence of the child(ren) shall be sufficient evidence of such and presentation of this signed document constitutes my attestation.
Dokiman sa a ap pran efè lè timoun nan (yo) ap viv ak mwen. Atestasyon mwen pou rezidans timoun nan dwe sifi kòm prèv rezidans li epi depi mwen prezante dokiman sa a ak siyati yo ladan sa reprezante atestasyon mwen.

Moun k ap bay swen an, oka premye moun nan pa ta disponib la, konnen dokiman sa a bay li dwa pou pran desizyon sou lekòl ak swen sante pitit ou yo, lè pitit ou yo ap viv ak li. Li pa ka deside yon bagay li konnen ou pa t ap dakò. Si ou chanje oswa ou anile akò sa a, moun k ap bay swen an ap bay tout moun kopi

I understand that I may, without obtaining further consent from a parent, legal custodian or legal guardian of the child(ren), exercise concurrent rights and responsibilities relative to the education and health care of the child(ren), except those rights and responsibilities prohibited above. However, I may not knowingly make a decision that conflicts with the decision of the child(ren)'s parent, legal guardian or legal custodian.
Mwen konprann, san mwen pa bezwen jwenn plis konsantman nan men yon paran, moun ki gen lagad legal oswa responsab legal timoun nan (yo) ki ka egzèse an menm tan avè m dwa ak responsablite yo, mwen ka pran desizyon konsènan edikasyon ak swen timoun nan (yo), eksepte dwa ak responsablite yo te di mwen pa ka egzèse anwo a. Mwen, mwen pa ka kareman pran yon desizyon si mwen konnen li t ap kont desizyon paran, responsab legal oswa moun ki gen lagad legal timoun nan (yo).

I understand that, if the affidavit is amended or revoked, I must provide the amended affidavit or revocation to all parties to whom I have provided this affidavit prior to further exercising any rights or responsibilities under the affidavit.
Mwen konprann, si yo chanje oswa anile deklarasyon sou sèman an, mwen dwe bay tout moun mwen te bay deklarasyon sou sèman an yon kopi sa ki chanje a oswa dokiman ki anile l la avan m ap ka egzèse nenpòt dwa oswa responsablite mwen gen nan deklarasyon sou sèman sa a.

I hereby affirm that the above statements are true, under pains and penalties of perjury.
Mwen konfime deklarasyon yo ki anwo a se verite epi mwen rekonèt ap gen pinisyon ak sanksyon si mwen bay fo enfòmasyon.

Signature of caregiver / *Siyati moun k ap bay swen an :* John Smith

Printed name / *Non an ekri ak lèt yo dekole :* John Smith

Telephone Number / *Nimewo telefòn :* 617-555-5558

Dat / *dat* : 06/01/2017

Moun k ap bay swen an ka siyen menm lè ak ou, oswa yon lè diferan. Moun k ap bay swen an pa bezwen siyen devan yon notè piblik non plis.

Initials _____

CAREGIVER AUTHORIZATION AFFIDAVIT

DEKLARASYON SOU SÈMAN POU BAY MOUN OTORIZASYON POU BAY SWEN

Massachusetts General Laws Chapter 201F
Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 201F

1. AUTHORIZING PARTY (Parent/Guardian/Custodian)

MOUN K AP BAY OTORIZASYON AN (paran/responsab legal/moun ki gen lagad la)

I, _____, residing at _____
Mwen , k ap viv nan

am the ☐ parent ☐ legal guardian ☐ legal custodian of the minor child(ren) listed below.
se (paran) (responsab legal) (moun ki gen lagad legal) timoun minè non li (yo) ekri anba a.

I do hereby authorize _____, residing at
Ak deklarasyon sa a mwen otorize, k ap viv nan

_____ to exercise concurrently the rights and responsibilities, except those prohibited below, that I possess relative to the education and health care of the minor children whose names and dates of birth are:
pou egzèse an menm tan avè m dwa ak responsablite, eksepte sa ki anba yo se mwen sèlman ki ka egzèse yo konsènan edikasyon ak swen sante timoun minè non ak dat nesans yo se :

_____ _____
name/non date of birth/dat nesans name/non date of birth/dat nesans

_____ _____
name/non date of birth/dat nesans name/non date of birth/dat nesans

The caregiver may NOT do the following: (If there are any specific acts you do not want the caregiver to perform, please state those acts here.
Moun k ap bay swen an PA gen dwa fè bagay sa yo : (Si gen nenpòt bagay espesifik ou pa vle moun k ap bay swen an fè, tanpri mete bagay sa yo la a.)

_____
_____

[OPTIONAL – *you can choose an alternate caregiver if you want*] In the event that the above-named individual is unavailable or unwilling to serve as the caregiver.

[PA OBLIGATWA– ou ka chwazi yon dezyèm moun k ap bay swen si ou vle] Si moun non li anwo a pa disponib oswa li pa vle sèvi kòm moun k ap bay swen an,
I hereby appoint _____, residing at _____,
as the alternate caregiver.
Mwen nonmen , k ap viv nan ,
kòm dezyèm moun k ap bay swen an.

The following statements are true: (*Please read*)
Deklarasyon sa yo se verite : (Tanpri li)

- There are no court orders in effect that would prohibit me from exercising or conferring

the rights and responsibilities that I wish to confer upon the caregiver. *(If you are the legal guardian or custodian, attach the court order appointing you.)*
Pa gen okenn lòd tribinal an plas ki t ap entèdi mwen egzèse oswa bay dwa ak responsablite mwen ta renmen bay moun k ap bay swen an. (Si ou se responsab legal oswa se ou ki gen lagad timoun nan, atache a dokiman sa lòd tribinal ki nonmen ou a.)

- I am not using this affidavit to circumvent any state or federal law, for the purposes of attendance at a particular school, or to re-confer rights to a caregiver from whom those rights have been removed by a court of law.
Mwen p ap itilize deklarasyon sou sèman sa a pou kontoune okenn lwa eta oswa lwa federal, pou li ka ale nan yon lekòl patikilye, oswa pou rebay yon moun k ap bay swen dwa yo te retire nan men li nan yon tribinal.

- I confer these rights and responsibilities freely and knowingly in order to provide for the child(ren) and not as a result of pressure, threats or payments by any person or agency.
Mwen bay dwa ak responsablite sa yo libelibè epi ak tout konesans mwen pou pran swen timoun nan (yo) epi se pa paske okenn moun oswa ajans te mete presyon sou mwen, menase mwen, oswa peye mwen.

- I understand that, if the affidavit is amended or revoked, I must provide the amended affidavit or revocation to all parties to whom I have provided this affidavit.
Mwen konprann, si mwen chanje oswa anile deklarasyon sou sèman an, mwen dwe bay tout moun mwen te bay deklarasyon sou sèman an yon kopi sa ki chanje a oswa dokiman ki anile l la.

Upon my unavailability, the named minor children will be deemed to be residing with the named caregiver.
Si mwen pa disponib, yo pral konsidere timoun minè non yo anwo a ap viv ak moun k ap bay swen non li nonmen nan dokiman sa a.

This document shall remain in effect until _____ *(not more than two years from the date I sign it)* or until I notify the caregiver in writing that I have amended or revoked it.
Dokiman sa a ap rete an vigè jiska (pa plis pase de zan apre dat ou siyen li an) oswa jiskaske mwen ekri ajan an yon lèt pou di li mwen te fè chanjman ladan l oswa m te anile lè.

I hereby affirm that the above statements are true, under pains and penalties of perjury.
Mwen konfime deklarasyon yo ki anwo a se verite epi mwen rekonèt ap gen pinisyon ak sanksyon si mwen bay fo enfòmasyon.

Authorizing Party Signature / *Siyati moun k ap bay otorizasyon an :* _____
(parent/guardian/custodian) / *(paran/responsab legal/moun ki gen lagad legal)*

Printed name / *Non an ekri ak lèt yo dekole :* _____

Telephone number / *Nimewo telefòn :* _____

2. WITNESSES TO AUTHORIZING PARTY SIGNATURE
TEMWEN MOUN K AP BAY OTORIZASYON AN SIYEN DEVAN LI

(To be signed by persons over the age of 18 who are not the designated caregiver)
